# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–31 दिसंबर 2024** **भोजपुरी समाचार**

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु प्रयागराज के एक दिन क दौरान कइलें। येह दौरान श्री योगी नैनी में बनावल गइल बायो सीएनजी प्लांट क निरीक्षण कइले के सथहीं महाकुंभ प्रयागराज दुइ हजार पचीस क तइयारी के ले के कई गो घाटन अउर स्टील ब्रिज क निरीक्षण कइ के जरूरी निरदेस दिहलें। मुख्यमंत्री महाकुंभ में हर तीर्थयात्री अउर पर्यटन क सुरक्षा अउर सुविधा के सरकार क पहिला प्राथमिकता बतवलें। उहां के कहलीं कि डबल इंजन क सरकार यात्रियन के सुविधा बदे हर सम्भव कोसिस कइ रहलि हौ।

***देश और दुनिया प्रयागराज कुंभ में आने के लिए उत्सुक है। उत्तर प्रदेश और देश के इस सबसे बड़े आध्यात्मिक और धार्मिक समागम को अपनी आंखों से देखना चाहता है। 144 वर्ष के बाद महाकुंभ का यह मुहूर्त आ रहा है, और इस महा समागम का साक्षी देश और दुनिया बनना चाहता है, इसके लिए हर प्रकार की व्यवस्थाएं डबल इंजन की सरकार ने, केंद्र और राज्य सरकार ने मिलकर, यहां पर प्रशासन और पुलिस ने मिलकर, मेला प्राधिकरण के साथ मिलकर इन सभी कार्यक्रमों को युद्ध स्तर पर आगे बढ़ाने की तैयारी की जा रही है।***

**********

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ, गोरखपुर के चरगांवां में नया बनल राजकीय कृषि विद्यालय के नया प्रसासनिक भवन अउर हॉस्टल क लोकारपण दुइ जनौरी के करिहें। येह कृषि विद्यालय में कृषि से जुड़ल मास्टर ट्रेनर, करमचारियन अउर प्रगतिसील किसानन के ट्रेनिंग दीहल जाला। राजकीय कृषि विद्यालय के नया प्रसासनिक भवन के बनवले पर नौ दसमलव आठ आठ करोड़ रूपिया अउर हॉस्टल के बनवले पर नौ दसमलव सुन्न आठ करोड़ रूपिया क धनरासि खरचा भइल हौ। मुख्य विकास अधिकारी संजय कुमार मीना बतवलें कि राजकीय कृषि विद्यालय के बनि गइले से ढेरि संख्या में किसान लोगिन के खेती–किसानी करे बदे नया–नया जनकारी दीहल जा सकी।

**********

नया सालि के पहिला दिन्ने अजोध्या में श्रीरामलला, बनारस में काशी विश्वनाथ के सथहीं प्रदेस के प्रमुख मंदिरन में सरधालुअन क सुरक्षा बदे पुरहर इंतिजाम कइल गइल हौ। बनारस में स्पर्स दरसन पर रोकि रही। आवे वाले सरधालुअन के सुविधा के साथे दरसन करावे बदे मंदिर प्रबंधन की ओरि से पुरहर तइयारी कइल गइल हौ। एगो अनुमान के मोताबिक आठ लाख से बेसी सरधालु जनौरी महिन्ना के पहिला दिन्ने काशी विश्वनाथ क दरसन करे लें। ओहर, नया सालि के पूर्व संध्या पर आजुये से रामलला क दरसन खातिर ढेरि संख्या में सरधालु जुटल हवें। येह सरधालु लोगिन के दरसन करावे बदे प्रसासन के अलगे से इंतिजाम करे के पड़ि रहल हौ। येही क्रम में भगवान बुद्ध क महापरिनिर्माण स्थली कुशीनगर में नया सालि के ले के लोगिन क उछाह चरम पर हौ। नया सालि के पूर्व संध्या पर हजारों देसी–बिदेसी पर्यटक कुशीनगर पहुंचि गइल हवें। पुलिस अधीक्षक संतोष कुमार मिश्र बतवलें कि पूरा मंदिर परिक्षेत्र के सीसीटीवी अउर ड्रोन कैमरा के निगरानी में रक्खल गइल हौ। बिहने मंदिर परिक्षेत्र में गाड़ियन क प्रवेस पर रोकि रही।

**********

पूर्वोत्तर रेलवे में बिहने से नया समय–सारिणी लागू हो जाई। एकरे नाते हमसफर ट्रेन के सथहीं सड़सठ ट्रेनन क टाइम बदलि जाई। जवने से स्टेसनन पर गाड़ियन के अइले अउर गइले क समय में फेर–बदल होई। पूर्वोत्तर रेलवे यात्रियन से अपीलि कइले हवे कि जतरा कइले से पहिले ऊ अपने ट्रेन के अइले–गइले क स्थिति के हेल्पलाइनि नम्बर एक तीनि नौ से जांचि लें।

**********

प्रदेस क मत्स्य मंत्री डॉक्टर संजय निषाद आजु देउरिया में वीडियो कॉन्फ्रेंसिंग के जरिया से प्रदेस में विभाग की ओरि से चलावल जा रहल योजना के प्रगति क समीक्षा कइलें। श्री निषाद कहलें कि विभागीय लक्ष्यन के सौ फीसदी पूरा कइल जाव। एकरे सथहीं सरकारी योजना क लाभ सोझे लाभार्थियन के मिले, एके ले के जरूरी कदम उठावल जाए।

**********

नया सालि के पूर्व संध्या पर मध्य प्रदेस क उप मुख्यमंत्री राजेन्द्र शुक्ला आजु अजोध्या में रामलला क दरसन–पूजन कइलें। येह मौका पर श्री शुकल कहलें कि आवे वाला नया सालि सबके खातिर मंगलमय होखे। भारत के आरथिक महासक्ति बनावे बदे जवन काम प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी जी के अगुआई में हो रहल हौ, ऊ सफल हो। एकरे बदे डबल इंजन क सरकार प्रतिबद्धता से कार कइ रहलि हौ।

**********

पूर्वांचल के ढेरि जिलन में अगिला तीनि दिन ले ठंडी से राहति नाहीं मिली अउर घना कुहेसो छवले रही। मौसम विभाग के मोताबिक तापमानों चारि से छौ डिगिरी सेल्सियस ले गिरावट भइले क असार हौ। मौसम में उतार–चढ़ाव से लोगिन के स्वास्थ्य से जुड़ल परसानी खास कइ के सरदी, जोखाम, खांसी अउर ट्रांसिल क समेस्यो बढ़ि रहल हौ। ओहर, बढ़त ठंडी के देखत बनारस अउर जौनपुर में कक्षा एक से आठ ले क परिषदीय स्कूलन में चउदह जनौरी ले छुट्टी घोसित कइल गइल हौ। मानल जा रहल हौ कि पूर्वांचल में पच्छिमी बिक्षोभ के परभाव से कुहेसा कम भइले पर तापमान में फेर से बढ़ले क सम्भावना हौ।

**********